

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan


Luyu jeung tujuan anu hayang dihontal sarta pédaran dina bab IV, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun adegan kalimah langsung dina novel *Nganteurkeun* karangan Usep Romli HM. Tina hasil analisis data. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dirangkum di handap ieu.

a. Kalimah langsung nya éta kalimah nu diucapkeun ku panyatur, ilaharna mangrupa kalimah ngantet sumeler. Kapanggih aya 349 kalimah.

Adegan kalimah langsung téh dibagi jadi 2 bagian nya éta kalimah langsung sampurna jeung kalimah langsung teu sampurna. (1) Kalimah langsung sampurna dina hasil analisis data kapanggih aya 5 pola kalimah. Diantarana

nya éta pola $\rightarrow J - C$; pola $\rightarrow J - C - U$; pola $\rightarrow J - C - K$; pola $\rightarrow J - C - Pa$; pola $\rightarrow J - C - U - K$. (2) Kalimah langsung teu sampurna dina hasil analisis data kapanggih aya 5 pola kalimah. Diantarana nya éta pola $\rightarrow C$; pola $\rightarrow C - U$; pola $\rightarrow C - K$; pola $\rightarrow J$; pola $\rightarrow J - K$. (3) Pola kalimah langsung sampurna ogé ngabogaan sub-sub pola. 1) Pola $\rightarrow J - C$, ngabogaan 10 sub pola diantarana nya éta $J + C$; $J + C + C$; $C + J + C$; $C + J$; $C + J + J$; $C + C + J$; $J + C + J$; $C + C + J + C$; $C + J + J + C$; $J + C + C + J + C$. 2) Pola $\rightarrow J - C - U$, ngabogaan 2 sub pola diantarana nya éta $J + C + U$; jeung $C + J + C + U$. 3) Pola $\rightarrow J - C - K$, ngabogaan 6 sub pola diantarana nya éta $J + C + K$; $C + J + K$; $C + K + J$; $C + J + C + K$; $J + J + C + K$; $J + K + C + K$. 4) Pola $\rightarrow J - C - Pa$, ngabogaan 2 sub pola diantarana nya éta $J + C + Pa$; jeung $J + C + J + C + Pa$. 5) Pola $\rightarrow J + C + U + K$, ngabogaan 2 sub pola diantarana nya éta $J + C + U + K + K$; jeung $J + C + U + K + C$. Pola kalimah langsung teu sampurna ogé ngabogaan sub-sub pola. 1) Pola $\rightarrow C$, ngabogaan 3 sub pola diantarana nya éta C ; $C + C$; $C + C + C$. 2) Pola $\rightarrow C - U$, ngabogaan 2 sub pola diantarana nya éta $C + U$; $C + C + U$. 3) Pola $\rightarrow C - K$, ngabogaan 3 sub pola diantarana nya éta $C + K$; $C + C + K$; $K + C$. 4) Pola $\rightarrow J$, ngabogaan 1 sub pola diantarana nya éta J . 5) Pola $\rightarrow J - K$, ngabogaan 3 sub pola diantarana nya éta $J + K$; $J + K + J$; jeung $K + J + J$. Baganna ébréh di handap ieu.

Bagan 5.1
Adegan Kalimah Langsung



- c. Fungsi kalimat langsung téh dibagi jadi 4 bagian diantaranya nya éta kalimat langsung wawaran, kapanggih aya 146 kalimat (41,83%); kalimat langsung pananya, kapanggih aya 99 kalimat (28,36%); kalimat langsung parentah, kapanggih aya 8 kalimat (2,29%); jeung kalimat langsung panyeluk, kapanggih aya 54 kalimat (15,47%).
- d. Ciri-ciri kalimat langsung téh biasana sok diawalan jeung ditungtungan kekenteng (“...”). Dina hasil analisis ogé kapanggih ciri kalimat langsung anu di tungtungna ku klausa pangjentre contona “Ari itu nu diacuk kopi, rancangan keneh?” *Cek Akang*. Cek Akang dina éta kalimat téh mangrupa klausa pangjentre.
- e. Ma’na kalimat ogé dipasing-pasing diantaranya nya éta ma’na kalimat langsung ‘wawaran’; ma’na kalimat langsung ‘tempat’; ma’na kalimat langsung ‘panitah’; ma’na kalimat langsung ‘pangajak’; ma’na kalimat langsung ‘panggeuri’; ma’na kalimat langsung ‘panggentra’; jeung ma’na kalimat ‘anteuran’.

5.2 Saran

Aya sawatara saran anu perlu ditepikeun tina ieu panalungtikan. Éta saran téh diébréhkeun di handap ieu.

1. Ieu panaluntikan téh kakara semet analisis jeung deskripsi kalimat langsung tina wacana tinulis nya éta novel Nganteurkeun karangan Usep Romli HM. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén.

2. Adegan kalimah langsung anu geus dipedar téh ngawengku tipe adegan, fungsi, ciri, jeung ma'na kalimah langsung. Adegan kalimah langsung dina wangun cirina masih perlu ditalungtik.
3. Panalungtikan anu mangrupa pangjaran adegan kalimah langsung masih perlu dilaksanakeun. Ku kituna, disarankeun aya panalungtikan séjén anu husus medar adegan kalimah langsung.

